

ENFÒMASYON SOU EKSEPSYON LIMITE POU ANPLWA AKONPAYE

Moun k ap resevwa sèvis anlwa akonpaye (SEMP), Biwo pou moun ki gen andikap devlopman an (OPWDD) sipèvize dwe peye pou sèvis SEMP yo sof si yo gen kouvèti Medicaid ki pral peye pou sèvis SEMP yo epi yo enskri nan Egzansyon pou Sèvis Lakay ak Kominotè (HCBS). Sepandan, moun ki te deja enskri nan SEMP, epi ki kalifye pou eksepsyon limite a nan dat 30 jen 2015, ka rete elijib pou eksepsyon limite a. Sa vle di yo p ap resevwa fakti pou sèvis sa yo epi yo pa oblije gen kouvèti Medicaid ak enskripsyon nan Egzansyon HCBS.

Pou benefisyè eksepsyon limite a 30 jen 2015, yon moun dwe te anrejistre pou sèvis SEMP epi li pa:

- 1) te viv nan yon rezidans endividyalize altènatif (IRA), rezidans kominotè, fwaye ebèjman, oswa etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl (ICF/IID); oswa
- 2) te resevwa oswa mande nenpòt nan sèvis sa yo OPWDD sipèvize: jesyon swen, tretman lajounen, adaptasyon kominotè, adaptasyon lajounen, sèvis prevokasyonèl, oswa repo; oswa
- 3) te enskri nan Egzansyon HCBS nenpòt ki lè apre 14 mas 2010.

Eksepsyon limite a ap sispann si:

- 1) moun nan al rete nan yon IRA, yon rezidans kominotè, yon fwaye ebèjman, oswa ICF/IID; oswa
- 2) moun nan resevwa nenpòt nan sèvis ki endike anwo a; oswa
- 3) Medicaid kòmanse peye pou sèvis SEMP yo; oswa
- 4) moun nan chanje founisè SEMP apre 30 jen 2015, sof si chanjman an se rezilta aksyon founisè a (sa vle di, yon founisè asime operasyon oswa kontwòl sou operasyon ak pwogram lòt founisè a; de founisè fè yon sèl oswa konsolide; oswa founisè orijinal la diminye oswa elimine sèvis la pou nenpòt rezon).

Eksepsyon limite a pral fini nèt, apati dat nenpòt nan sa ki anwo yo rive. Si eksepsyon limite a fini, moun nan, oswa yon lòt pati responsab, ap gen pou peye pou sèvis yo. Sinon, moun nan ap bezwen pwoteksyon Medicaid ki peye pou sèvis yo, epi pou l enskri nan Egzansyon HCBS.